




# Sa a se LGLIZ NOU AN



## Yon mesaj de Kadinal Seán

Frè m ak Sè m yo,

Pandan n ap rantre nan sezon karèm sa a ki se sezon refleksyon ak lapriyè, n ap tann nou tou ak anpil espwa ak antisipasyon pou pouswiv misyon Kris la pou sèvi moun ki pi defavorize nan mitan nou pandan n ap transmèt lafwa nou bay jenerasyon fiti yo.

Nou beni paske nou gen anpil ministè k ap fleri nan Achidiosèz Boston an ki pèmèt nou kontinye travay enpòtan sa a epi viv lafwa nou ansanm. Konsa, mwen mande nou tanpri pou sipòte travay ministè sa yo ki anrichi pawas nou yo, lekòl nou yo, ak kominote nou yo deyò Igliz la.

Jenewozite w devan Apèl la gen yon enpak pwofon sou gran efò pwogram Ministè Inivèsitè nou an nan inivèsite lokal yo, yon inisyativ ki sible pou ogmante idantite Katolik lekòl nou yo, ak travay omonye lopital yo ki pote yon mesaj espwa ak prezans Kris la pou tout moun yo rankontre. Epitou don w lan sipòte kominote etnik nou yo kote Mès la chante nan 22 lang diferan chak semèn. Epitou Apèl la sipòte anpil moun ki travay pou ranfòse lavi pawas la, sa ki gen ladan kantite manm layik ki an kwasans k ap sèvi kòm Asosye pastoral.

Mwen mande nou pou revize enfòmasyon enpòtan ak pwisan ki annapre a. Ansanm n ap kontinye efò esansyèl sa yo. Sa a se Lgliz nou an epi chak don pou Apèl la fè yon gran diferans nan lavi anpil moun. Mèsi pou konsiderasyon nou osijè demann enpòtan sa a.

Avèk rekonesans pwofon ak asirans lapriyè mwen yo,

+Seán, OFMCap

Achevèk Boston an

Apèl Katolik la reprezante pi gran sous finansman pou ministè afimasyon ak sovgad lavi nan achiduosèz la.

Isit la n ap jwenn kèk egzanp sou kijan jenewozite nou chak ane ede nou bay èd, konsèy, avèk fòmasyon atravè...



**283**  
Pawas



**110**  
Lekòl Katolik



**144**  
Kominote

**350+** Direktè Edikatif Relijye

**117,000+** jèn k ap aprann lafwa

**56** Asosye Pastoral

**164** Dyak

**32,000+** etidyan nan  
**185** kominote

**3,500+** manm fakilte

**130+** sesyon devlopman  
pwofesyonèl pou lidè lekòl ak fakilte

**3** Sant Èd pou Gwosès k ap desèvi  
**100+** fanm chak mwa

**64** Enfimyè Kominotè Lafwa

**24** gwoup k ap founi sèvis  
swen palyatif

**190** moun nan pawas ak lekòl yo te  
fòme nan prevansyon ovèdoz opyoïd



## MÈS NAN 22 LANG.

Lgliz nou nou an te toujou yon Lgliz pou imigran epi nou selebre divèsite kiltirèl nou an. Gen Mès ki selebre chak wiken nan anpil lang diferan nan 88 pawas. Pou anpil imigran k ap kòmanse yon lòt vi nan peyi nou an, pawas nou yo se premye kote yo ka rele lakay yo. Pèsonèl Ministè Etnik nou an travay san relach pou founi sèvis pledwari ak konsiltasyon pou tout kominote etnik nou yo. Ekip sa a se yon pati esansyèl nan fiti kwasans Lgliz nou an.

**Don w lan ede pote misyon Kris la nan kominite miltikiltirèl  
Lgliz nou an.**

Si w te resevwa lèt Kadinal Séan nan nan lapòs la epi w deja angaje w pou fè yon don, **mèsi!**

### Men kijan w ka patisipe

- Itilize anvlòp ki disponib nan deyè ban Igliz yo pou fè yon don oswa yon angajman.
- Fè yon don sou Entènèt oubyen aprann plis konsènan avantaj ki genyen nan fè yon don pa prelevman otomatik, fon dotasyon lonmen, aksyon oswa kontribusyon IRA lè w vizite sit wèb sekirize **bostoncatholicappeal.org**.

*Note byen: Apèl Katolik la pa founi yon sipò finansye bay prêt ki sou konje administratif, ni yo pa ede yo kouvri fre pou règleman finansye ak depans konsèy/medikaman pou moun ki viktim yon prêt ki abize yo.*

